



Pou Piblikasyon Imedya: 27/06/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ENVITE TI BIZNIS YO POU TCHEKE ELIJIBILITE POU
PWOGRAM 250 MILYON DOLA KREDI ENPO POU DEPANS KAPITAL KI LYE AK
COVID-19**

***Ti biznis ki gen 100 anplwaye oswa mwens ka resevwa kredi enpo pou depans ki
fèt pou ogmante sekirite kont COVID-19***

Zouti depistaj disponib [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ouvèti zouti admisyon inisyal pou ede ti biznis yo detèmine elijibilite pa yo pou Pwogram Kredi Enpo pou Depans Kapital ki lye ak COVID-19 (COVID-19 Capital Costs Tax Credit Program) la. Pwogram Kredi Enpo pou Depans Kapital ki lye ak COVID-19 la ki koute 250 milyon dola pral sipòte ti biznis ki te fè envèstisman pou konfòme yo ak dekrè ak règleman ijans oswa pou ogmante sekirite piblik an repons ak COVID-19. Si zouti tès depistaj la jije li elijib, yo pral bay yon lyen ki mennen nan aplikasyon an lè aplikasyon pwogram lan ouvri.

"Pdemi an frape ti biznis New York yo yon faso ki espesyalman difisil, sa ki fòse anpil ladan yo fèmen epi lòt ap sibi chaj finansye pou pwoteje anplwaye yo ak kliyan yo kont COVID-19", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Ti biznis yo se kolòn vètebral ekonomi eta nou an, epi pou yo ka vrèman retabli anba kriz COVID-19 la, nou dwe bay yon kout men. Kredi enpo sa a pral yon sipò enpòtan pou biznis New York yo epi mwen ankouraje tout moun ki enterese pou yo aplike pou èd ki nesèsè sa a."

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Biznis yo te chaje ak anpil depans pandan pandemi an ki te nesèsè pou kenbe anplwaye yo ak kliyan yo an sekirite. Kredi enpo sa a pral soulaje chaj kominote biznis la te fè pandan COVID la epi ede l kontinye retounen sou pye li. Mwen rekonesan pou sipò Gouvènè Hochul epi pou tou pou tout pwopriyetè biznis New York yo ki ap travay chak jou pou rebati ekonomi nou an."

Ti biznis yo te frape di espesyalman pa ralantisman pandemi an lakoz. [Anonse](#) nan kad Bidjè Egzekitif Gouvènè Hochul la pou kontinye sipò Eta a pou ti biznis yo, nouvo pwogram soulajman enpo ranbousab sa a vize depans ki gen rapò ak COVID-19 yo. Depans ki lye ak COVID-19 ki kalifye yo enkli, men yo pa limite sèlman a:

- Founiti pou dezenfekte oswa pwoteje kont transmisyon COVID-19

- Depans ki asosye ak ekspansyon, oswa espas defini pou respekte distans sosyal
- Ekipman HVAC
- Depans ki gen rapò ak ogmantasyon aktivite deyò ak agrandisman espas deyò
- Machinri ak ekipman pou fasilite vant san kontak

Kredi enpo yo pral kouvri 50 pousan nan depans ki elijib yo, jiska 50,000, pou yon prim kredi enpo maksimòm ki se 25,000 dola, epi yo pral akòde kredi yo sou yon baz premye vini, premye sèvi jiskaske fon pwogram lan epuize. Biznis ki elijib yo dwe opere nan yon lokal nan Eta New York, gen 100 oswa mwens anplwaye, 2.5 milyon dola oswa mwens nan resi brit nan ane fiskal 2021 an, ak omwen 2,000 dola nan depans elijib ant 1e janvye 2021 ak 31 desanm 2022.

Yo toujou ankouraje biznis yo pou aplike pou [Pwogram Sibvansyon pou Rekiperasyon Ti Antrepriz Nan Kad Pandemi COVID-19 Eta New York la](#) ki bay sibvansyon fleksib 5,000 dola a 50,000 dola pou ti biznis yo pou depans COVID-19 yo. Sepandan, depans ki te fèt ant 1e janvye 2021 ak 1e avril 2021 ki te peye ak lajan nan pwogram sibvansyon sa a pa kalifye pou yon kredi enpo anba Pwogram Kredi Enpo pou Depans Kapital COVID-19 la.

Pou resevwa yon kredi enpo pou deklarasyon fiskal 2022 yo, biznis yo dwe resevwa yon sètifika kredi enpo nan men ESD nan dat 31 desanm 2022 oswa anvan. Yo ankouraje aplikan potansyèl yo pou yo ranpli zouti tès depistaj la epi aplike pi vit jan sa posib pandan pwogram lan lanse, paske nenpòt kredi enpo ki te bay nan dat 1e janvye 2023 oswa apre yo pa kapab reklame jiskaske yon biznis fè deklarasyon fiskal pou ane 2023. Pou plis enfòmasyon detaye vizite sit entènèt ESD nan esd.ny.gov/covid-19-capital-cost-tax-credit

Senatè Eta a, Anna Kaplan, te deklare, "Ti biznis yo te oblije fè gwo depans pou re-ouvri san danje pandan pandemi an, epi ak depans sa yo k ap kontinye monte, yo bezwen sipò nou plis pase avan. Mwen te fyè pou m patwone Pwogram Kredi Enpo pou Depans Kapital COVID-19 la, ki pral ede minimize enpak finansye pwopriyete ti biznis yo genyen pou yo rete an sekirite epi rete ouvè, epi mwen ankouraje chak pwopriyete ti biznis pou yo sèvi ak nouvo zouti depistaj la pou wè si yo elijib pou jwenn sekou atravè pwogram nan lè li ouvri."

Manm Asanble AI Stirpe te deklare, "Kòm prezidan Komite Ti Biznis Asanble a, se toujou yon priyorite pou mwen pou m ede antreprenè lokal yo nan nenpòt fason posib paske mwen konnen devouman ki nesese pou kenbe chandèl yo limen. Ogmantasyon Zouti Depistaj la pou ede akselere aksè ak finansman enpòtan ke yo bay nan Pwogram Kredi Enpo pou Depans Kapital COVID-19 la ki evalye a 250 milyon dola pral senplifye kalifikasyon yon ti biznis. Ann fè biznis nou yo tounen sou bon chemen an, lè nou ede yo ak investisman kapital ki gen rapò ak COVID ki rive jiska 25,000 dola."

Enfòmasyon sou Empire State Development

Empire State Development (ESD) se ajans devlopman ekonomik prensipal New York.

Misyon ESD se pou pwomouvwa yon ekonomi ki djanm ak pwospè, ankouraje kreyasyon nouvo travay ak opòtinite ekonomik, ogmante resèt pou Eta a ak minisipalite li yo, epi fè ekonomi lokal yo vin estab ak divèsifye. Gras a itilizasyon prè, sibvansyon, kredi taks ak lòt fòm asistans finansye yo, ESD ap fè efò pou amelyore investisman biznis prive ak kwasans pou sipòte kreyasyon travay epi sipòte kominote pwospè yo toupatou nan Eta New York. ESD se egalman ajans administratif prensipal k ap kontwole Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Councils) Eta New York la ak komèsyalizasyon "I LOVE NY", mak touris anblematik Eta a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Konsèy Rejyonal yo ak Empire State Development, tanpri vizite www.regionalcouncils.ny.gov ak www.esd.ny.gov.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)